1-РА ЛЕКЦИ. ГРАММАТИКИН МАЬНА. ДЕШАН ХІОТТАМ. ЦІЕРДОШ.

План

1. ГРАММАТИКИН МАЬНА

2.1. Грамматически маьІна, лексически маьІна

2. ДЕШАН ХІОТТАМ: ДОШ ХУЬЙЦУ АФФИКСАШ

3. ЦІЕРДОШ

3.1. ЦІердешан йукъара маьІна

3.2. ЦІердешан лексикин-грамматически тайпанаш

1.1. цІердешан грамматически категореш

1.1.1. Адам долу а, адам доцу а категори

1.1.2. Терахьан категори

1.1.3. Грамматически классан категори

1.1.4. Дожаран категори

1.2. ЦІердешан легарш

Пайдаэца литература

Арсаханов И.Г. ХІинцалера нохчийн мотт. Лексикология, фонетика, морфология. Соьлжа-ГІала, 1965. – 215 с.

Дешериев Ю.Д. Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов. – Грозный, 1963. – 556 с.

Джамалханов З.Д. Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт: Лексикологи, фонетика, морфологи. І дакъа – Соьлжа-ГІала, 1964. – 269 с.

Тимаев В.Д. ХІинцалера нохчийн мотт. Лексикологи. Фонетика. Морфологи. ГУП ИПК «Грозненский рабочий», 2-г1а изд., Соьлжа-г1ала, 2007. – 415 с.

Халидов А.И. Грамматика чеченского языка. В трех томах. Том II. Морфология. Грозный, 2023. С. 799

Халидов А.И. Нохчийн меттаІилманийн терминийн лугІат. Соьлжа-ГІала, 2012. – 448 с.

Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш: *грамматически маьІна, лексически маьІна, аффикс, флекси, суффикс, цхьаллин а, дукхаллин а терахь, грамматически класс, дожар, легар, долахь, йукъара цІераш.*

1. ГРАММАТИКИН МАЬНА

1.1. Грамматически маьІна а, лексически маьІна а

Дешнийн хийцадалар а, дешнийн йукъарчу билгалонашца дешнаш тобанашка - къамелан дакъошка дІатардар а, къамелан дакъойн система Іамор а, дешнийн цхьаьнакхетарш а, предложенеш, церан кепаш а Іамочу меттаІилманан декъах грамматика олу.

ХХ бІешарахь, цул хьалха грамматика йукъа фонетика а, дошкхолладалар а, орфографи а йохуьйтуш хилла. Ткъа вайзаманахь грамматикин дакъош: морфологи а, синтаксис а ду.

Лакхахь хаьха ма-дарра, морфологино дешнийн хийцадалар а, къамелан дакъойн система а Іамайо, ткъа синтаксисо дешнийн цхьаьнакхетарш а, предложенеш а.

Муьлхачу дешан коьрта ши маьІна ду: лексически а, грамматически а. Лексикехь коьрта тидам дешан маьІнина тІебохуьйту, ткъа грамматикехь – дешнийн йукъара башхаллаш толлу. Масала: *цІа, куъг, диг* боху дешнаш вай схьаэцча, цу дешнийн шен-шен бен хила йиш йоцу башхалла йу: гІишло билгалйар, дегІан цхьа меже бил-галйар, белхан гІирс билгалбар. Иза цу дешнийн лексически агІо йу.

Грамматически маьІна – иза дуккха а долчу дешнийн йукъара хила тарлуш долу хьал ду . Лакхахь далийнчу дешнийн грамматически маьІна - уьш хІуманаш хилар ду. Ткъа уьш хІуманаш хилар, грамматически маьІна билгалдолу грамматически категорийн гІоьнца: 1) цхьаллин терахь, 2) цІерниг дожар, 3) йоьалгІа грамматически класс. Цу кеппара йукъарчу башхаллаша таро ло и дешнаш цІердешнаш ду ала.

Грамматически категореш йийцаре йар, уьш таллар морфологин декъах дакъа ду. Грамматически категореш билгалйолу шайн грамматически гІирсашца.

Грамматически гІирс иза – грамматикин маьІна гойтуш, грамматикин гІуллакх кхочушдеш болу меттан гІирс бу.

Грамматически маьІна доьллу тайп-тайпанчу грамматически гІирсашца: дожарийн, терахьан чаккхенашца, чоьхьара флекси хийцайаларца, суффиксаш тІекхетарца, классийн гайтамашца.

Грамматически гІирсашший, грамматически маьІний гуттар вовшахбозуш болу кхетам бу, уьш шайна къаьстина лела а ца тарло.

Грамматически маьІнийн, грамматически гІирсийн чІагІйелла уьйр хилар бахьанехь кхоллалуш йу маттахь грамматически категореш.

Тайп-тайпанчу меттанийн шайн амалийн башхаллашца догІуш хиларца доьзна хуьлу грамматически категореш дукха йа кІезиг хилар

Масала, оьрсийн маттахь йолу чохь са долу, чохь са доцу категори йац вайн маттахь, цунна меттана долахь, йукъара цIе йу. Иштта родан категори а йац нохчийн маттахь, цунна меттана нохчийн маттахь классашца хийцадалар ду ала тарло.

Грамматически категорийн хьал алсам долу мотт кхиарца.

2. ДЕШАН ХIОТТАМ

Нохчийн меттан грамматически категори билгалйахаран коьрта некъ – аффиксийн бу: **дешар-хо, дешар-хо-чу-н-на, дешар-хо-чуь-н-ца**. Ткъа вайнзаманахь грамматически категореш къастало флексин гIоьнца: **лалла-лахка, дилла-дахка, хьажа-хьовса-хьиежа-хьийса**. В.Д. Тимаевс интонаци а лору грамматически маьIна билгалдаккхаран грамматически, масала: **Хьалагlовтта!**

Шен морфологически латтаме хьаьжжана, дош декъало тайп-тайпанчу морфемашка. Масала: *чу-лац-а-м; чу* - дешхьалхе, *лац* – орам (инфинитиван лард), *а* - инфинитиван чаккхе, *м* - абстрактни цIердешнаш кхолларан суффикс; *де-ша-р-хуо, деш* - орам (инфинитиван лард), *а* - инфинитиван чаккхе, *р* - масдаран суффикс, *хуо* - цIердош кхолларан суффикс.

Нохчийн меттан массо а дешнаш шина декъе декъа ме-гар ду: схьайаьлла лард йолу дешнаш, схьайалаза лард йолу дешнаш.

Схьайалаза лард йолу дош морфологически агIонгахьара декъа йиш йолуш дац. Масала: *буц, гIа, стаг, мала, тахана, шар.*

Схьайаьлла лард йолу дош морфологически агIонгахьара тайп-тайпанчу морфемашка декъа йиш йолуш ду. Масала: *хе-хӯо, мангал-хӯо, пондар-ча, белха-лӯо, лакха-дала, сингатта-м-йӣ, куьц-ие-хь, дIа-вада, тIе-кхосса, чу-хьада, сатт-ӯо.*

3. ЦIЕРДОШ.

3.1. ЦIЕРДЕШАН ЙУКЪАРА МАЬНА

Мила? хIун? **муьлш?** бохучу хаттаршна жоп а луш, хIума къастаочу къамелан декъахь цIердош олу. Масала: *аз, ламаз, бала, йаздархо, гIала, даймохк, ког, салам, мохь, бутт, барт, дийцар, доттагI, маьIна, буьйса, дегI, школа, мах, керт, ахча, хьаша, бехк, эхь, машен, неI, Iалашо, къинхетам, йиша, сий, йуьхь, къа, тIаьхье, кхетам, хIусам, латта, кехат, малх, амал, марха, бакъо, собар, дада, декхар, илли, агIо, маршалла, борз, турпалхо, хьекъал, йист, бух, дов.*

Мила, муьлш боху хаттар хIоттадо адамашна: *кIант, кIентий; зудабер, зудабераш, стаг, стегарий, йоI, йоьIарий, нана, наной*;

ХIун боху хаттар дийнаташна, олхазаршна, чIерашна, сагалматашна, чохь са доцу массо а хIуманна хIоттадо: йе*тт, хьелий; сту, стерчий, къиг, къигаш;, сом, соьмаш; моза, мозий;, тIулг, тIулгаш*.

ЦIердешан синтаксически агIонхьара билгалонаш йу:

1) цIердош предложенехь подлежащи (субъект) хуьлий лела. Масала: *Шайна йаьллачу пергIатонах даккхийдеш, арахьовду* ***уьстагIий***.(Арсанукаев М. «Сан са лаьмнашкахь ду»)

2) нийса кхачам (объект) хуьлий лела. Масала: **Дала** дог хьаста хьан делаI (Ахматукаев А. «Шиша»).

3) лач кхачам хуьлий лела. Масала: **Олхазарна** дитт гой те йа **диттана** олхазар (Бексултанов М. «Цхьалха некъахой»).

4) Сказуемин дакъа хуьлий лела. Масала: *Мало* – ***хало***, *собар* – ***кхетам***.

3.2. ЦIердешан лексикин-грамматически тайпанаш:

Йукъара а, долахь а хилар.

Билггалчу (конкретни) хIуманийн цIераш

Коьчалан (вещественни) хIуманийн цIераш

ДегIаза (абстрактни) цIераш

Йукъара а, долахь а цIераш. Муьлхачу меттан цIердешнийн тобанна йукъахь къаьста долахь а, йукъара а цIераш.

Ша санна йолчу кхечу хIуманах йоккхучу цIарах йукъара цIе олу, масала: *хи, хIорд, кIант, гIала, йурт, лам, мохк, йаздархо, пондарча, газета, журнал* и .дI. кх. а.

Ша санна йолчу хIуманах къасторхьама, цхьа билггалчу хIуманах йаккха тиллина цIе долахь цIе йу.

Долахь а, йукъара а цIераш шайн маьIница къаьсташ хилла ца Iа. Шайн-шайн грамматически башхаллаш а йу долахь цIерийн а. Масала, йукъара цIераш билгалйоху дешнаш, дерриге а аьлча санна, цхьаллин терахьан а, дукхаллин терахьан а форманаш йолуш ду: *гIала-гIаланаш, йурт-йарташ, цIа-цIенош, гIум-гIамарш, кад-кедаш, тур-тарраш.*

Ткъа долахь цIераш, цхьа наггахь бен, дукхаллин терахьан формехь лелаш йац. Масала: *Орга, Шела, Ведана* боху цIераш дукхаллин терахьехь хила йиш йац. Амма адамийн цIераш дукхаллин терахьехь а лела тарло. Масала: *Ваха – ВахагIар, Хьава-ХьавагIар, Султан-СултангIар, Махьмуд-МахьмудгIар, вежарий IабдуллаевгIар.*

Суффикс **–гIар** тIекхетарца нохчийн маттахь кхоллалуш йолчу долахь цIерийн лексически маьIна а ша-тайпа ду. Масала: *Султан-**гIар**, Хьату-**гIа**р, Муса-**гIар*** бохучу дукхаллин терахьан форманаша билгалвоккхуш верг масийтта **Султан, Муса, Хьату** вац. И тайпа суффикс-**гIар** тIекхетарца кхолладеллачу дукхаллин терахьан дешнаша билгалйоккху цхьа тоба, тайпа йа доьзал.

Юкъара цIе долахьчу цIаре йерза тарло, нагахь иза цхьа билггалчу хIуманна тиллина цIе хилахь. Таккха и цIе ша санна йолчу хIуманех схьакъаьста, масала: «*Серло*»-газетан цIе, « *Ламанхо*» - колхозан цIе. Йукъарчу цIерашна йуккъера схьакъастийна долахь цIерашка йирзина йу нохчийн меттан хIара тайпа цIераш а, масала: *Куьйра, Леча, Олхазар, Хьоза, Борза, Лоьма, Нажа, Кхокха Тоита, Сацита, Дукхаваха.*

Юкъара цIе долахь цIаре йерзарх терра, долахь цIе а йукъарчу цIаре йерза тарло: *Хьо-м дийнна цхьа* ***дон-жуан*** *хилла, Самади!*

Билггалчу (конкретни) хIуманийн цIераш. Терахьашца а, цхьаллин а, дукхаллин а терахье даккхарца а йагарйан йиш йолу цIераш – билггал хIуманийн цIераш йу, масала: тIулг – тIулгаш, цхьа тIулг, ши тIулг, кхо тIулг; кIант – кIентий, цхьа кIант, ши кIант, кхо кIант.

Коьчалан (вещественни) хIуманийн цIераш. Йустарца бен йагарйан йиш йоцу цIераш коьчалан хIуманийн цIераш йу, масала: тIо – цхьа банка тIо, шура - ши литр шура, гIум – кхо машен гIум. Гуш ма-хиллара, йустуш, кхин цхьа цIердош дало дезаш нисло.

ДегIаза (абстрактни) цIераш. Хаадаларан меженашца: куьг Іоттарца, бIаьрга схьагарца, маттаца чам баккхарца йа аз даккхарца, мераца хьожа йарца – хаа ца лун цIераш дегIаза цIераш йу, масала: кхетам, ирс, дикалла, толам и. кх. дI. а.

3.3. ЦIердешан грамматически категореш

Нохчийн меттан цIердешан хIара тайпана категореш йу:

1. адам долу а, адам доцу а категори
2. терахьан категори
3. грамматически классан категори
4. дожаран категори

3.3.1. Адам долу а, адам доцу а категори.

Хьахийнчу категорехь, грамматически агIор адам хилар, адам цахилар билгалдолу мила? хIун хаттарш ву, йу, ду, бу гIоьнан хандешнашца цхьаьнадалорца.

Мила ву? Мила йу? хаттар хIотто йиш йелахь, и цIердешнаш грамматически агIор адам долу категори йу, масала:

мила ву? – Дела, стаг, Іаьржа Хожа;

мила йу? – нана, зуда, йоІа, Жоьра-Баба

ХIун йу? ХIун ду? ХIун бу? (диалекташкахь) хаттар хIотто тарлахь, и цIердешнаш грамматически агIор адам доцу категори йу, масала:

хIун йу? – зу, робот, вампир, котам и. кх. дI. а.

хIун ду? – малик, иблис, убар, гIам, алмаз.

Грамматически агIор адам хилар, адам цахилар цIердешнаш къасторан коьрта морфологически билгало вай лакхахь хьахийнарг йу.

Цул сов, кхин а йу цIердешнаш адам хиларан, цахиларан а категорешка доькъуш:

грамматически классашка дIатардалар

дийриг дожаран аффиксаш

Адам долу йерриг цIераш, цхьа масех йукъарйаькхича, хьалхарчу шина грамматически класса чу дIатарло, ткъа доцу йерриг цIераш йисна йеа класса чу дIатарло.

Цхьа масех адам долчу цIердешан дийриг дожарехь аффиксаш -а хуьлу: кIант – кIанта, йоI – йоIа, стаг – стага, нах – наха; цхьадолчу адам долчу цIердешан дийриг дожарехь аффикс -с хаало: нана – нанас, да- дас, хьехамча – хьехамчас ,ваша – вашас.

Билгалдаккха деза, адам доцчу цIерийн дийриг дожарехь, цкъа а цкъа аффикс -а, -с хир йац.

3.4. ЦIердешнийн терахьан категори

ЦIердешнаш цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь хийцало.

ЦIердешнийн терахьан категорино йуьйцучу хIуманан масалла гойту. ХIинцалерчу нохчийн маттахь билгалдолуш ши терахь ду: I)

цхьаллин терахь; цо гойту цхьана хIуманах лаьцна хаам беш хилар (*тIулг, кор, пIелг, борз*); 2) дукхаллин терахь; цо гойту дуккха а йолчу хIуманех лаьцна хаам беш хилар (*тIулгаш, кораш, пIелгаш, берзалой*).

Терахьан категори грамматически билгалйолу нохчийн маттахь дукхаллин терахьан тайп-тайпана суффиксаш хиларца. Цхьадолу цIердешнаш нохчийн маттахь цхьаллин терахьехь бен лелаш дац, масала: *хIаваъ, хьонка, цIоз, тов, хIо,эхь.*

Цхьадолчу цIердешнийн цхьаллин терахьан форма йац хIинцалерчу нохчийн маттахь, и цIердешнаш дукхаллин терахьехь бен лелаш дац. Масала: *Iовраш, диларш, йоькаш, кегаш, хичаш, гаьллаш, аьшпаш, йовхарш, дуьйраш.*

Исторически нохчийн маттахь цIердешнийн дукхаллин терахьан суффиксаш **–аш, -иш** хилла. П.К. Усларан материалаша а гойтуш ма-хиллара, хьалдолуш йерг суффикс **–иш** йу, амма хIинцалерчу нохчийн меттан дукхаллин терахьан хьалдолуш лара мегар йу суффикс **–аш**.

Вайн заманахь нохчийн маттахь дукхаллин терахь кхуллуш ши тайпа суффиксаш йу:

1) цхьалхе суффиксаш. И суффиксаш йуьхьанцара йу ала тарлуш йолу суффиксаш йу:

2) чолхе суффиксаш. Уьш схьайевлла суффиксаш лара мегар ду.

Юьхьанцара суффиксаш йу : **-аш**. Ткъа церан фонетически варианташ йу: **-и –иеш, -уош, -уш, -ош**.

Коьрта долчу декъана дукхаллин терахьан суффикс –аш лела:

1. лардехь мукъа аз а долчу дешнашкахь.

Масала:

амал-амал**-аш**

хуох-хуох**-аш**

куотам-куотам**-аш**

2. лардехь **-н-** нарещени хIуттуш.

Масала: *туьма-туьма-**н**-аш; саба-**н**-аш*.

Цхьадолчу цIердешнийн дукхаллин терахь кхуллуш **–иэш** суффикс а лела. Масала: жIаьла–жIаьл-**иэш**; гали–гали-**иэш**.

Нохчийн маттахь дукхаллин терахь **–уош** суффиксан гIоьнца а кхоллало.

Масала:

цхьаллин терахь	**дукхаллин терахь**
къа	къин-уош
цIа	цIиен-уош
дие	диен-уош

Дукхаллин терахьан гайтам хилла лелаш суффикс **-й** а йу.

Масала: *да (цхь.т.) – да-**й*** (дукх.т.), *буо* (цхь.т.) – *ба-**й*** (дукх.т.)

Масех дош эр ду вай схьайевллачу чолхечу суффиксех лаьцна. Уьш йу: **-араш, -ирий (-иери), -рчий**. И суффиксаш схьайевлла хилар Шифнера а билгалдаьккхина.

Суффикс –**араш (-раш**) хIара тайпа дешнашкахь нислуш йу

цхьаллин терахь	**дукхаллин терахь**
чIуг	чIаг-араш
зIуок	зIак-араш
диг	даг-араш
наб	наб-араш
цIе	цIе-раш
шуо	ше-раш

никъ накх-араш

Дукхаллин терахьан суффикс –**арий (-ирий**) масех дашехь нислуш йу.

Масала: йиша-йиж-арий


ваша – веж-арий

газа – гез-арий


Дукхаллин терахьан гайтам хилла лела суффикс **–рчий**.

Цу суффиксан гIоьнца дукхаллин терахь хIара тайпа долчу дешнех кхоллало. Масала: *сту-сте-**рчий**, ча – че-**рчий**, сиеда – сиеда-**рчи**й, пха – пхе-**рчий**.

Вай лакхахь дийцинчун жамI деш, ала тарлур ду: нохчийн маттахь тайп-тайпана фонетически хийцамаш хилар бахьана долуш, цкъа делахь, хIара тайпа дукхаллин терахьан аффиксаш кхоллайелла:



шолгIа-делахь, хIара суффиксаш а кхоллайелла:



3.5. ЦIердешан грамматически классийн категори

Нохчийн меттан цIердешнийн грамматически классаш билгалйахаран коьрта некъ синтаксически некъ бу: цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь долчу цIердешнашца лелачу **ду, ву, бу, йу** бохучу гIоьнан хандешнийн йа грамматически классашца хийцалучу хандешнийн (билгалдешнийн ,

терахьдешнийн) гайтамашка хьаьжжана, йалх классехь дIанисло цIердешнаш нохчийн литературни маттахь.

Хьалхарчу а, шолгIачу а класса чу адам билгалдеш йолу цIераш йоьлху: хьалхара класс – божарийн класс, шолгIа класс – зударийн класс.

Хьалхарчу класса чу нислучу цIердешнийн грамматически классан гайтам хуьлу цхьаллин терахьехь **–ву**, дукхаллин терахьехь **– бу**, масала: *кIант ву-кIентий бу; стаг ву – нах бу.*

ШолгIачу класса чу нисло цхьаллин терахьехь **йу**, дукхаллин терахьехь **бу** грамматически классан гайтам болу цIердешнаш. масала: *йоI йу – мехкарий бу, нана йу – наной бу*

КхоалгIачу класса чу нисло шина а терахьехь классни гайтамаш **йу-йу** болу цIердешнаш, масала: *котам йу) – котамаш йу, йурт йу – йарташ йу, буьйса йу – буьйсанаш йу*

ЙоьалгIачу класса чу нисло шина а терахьехь грамматически классан гайтам **ду-ду** болу цIердешнаш, масала: *дитт ду – дитташ ду, тата ду – татанаш ду, бежана ду – бежанаш ду, бIар ду – бIараш ду (диттан).*

ПхоьалгIачу класса чу нисло шина а терахьехь грамматически классан гайтам **бу-бу** болу цIердешнаш, масала: *сацам бу – сацамаш бу, буохам бу – буохамаш бу, харжам бу – харжамаш бу, бIаьрг бу – бIаьргаш бу* (адамийн йа са долчу хIуманийн), *ког бу – когаш бу* (адамийн йа са долчу хIуманийн), бIар бу – бIараш бу (даар).

ЙолхалгIачу класса чу нисло цхьаллин терахьехь грамматически классан гайтам **бу**, дукхаллин терахьехь **ду** болу цIердешнаш, масала: *бIаьрг бу – бIаьргаш ду, ког бу – когаш ду (стоьлан), бIаьрг бу – бIаьргаш ду (коран), кхуор бу – кхуораш ду, лам бу – лаьмнаш ду.*

Гуш ма-хиллара нохчийн литературни маттахь цхьаллин терахьехь классан гайтам хилла лела 4 гIоьнан хандош (**ву, йу, бу, ду**), ткъа дукхаллин терахьехь - кхоъ (**йу, бу, ду**).

3.6. ЦIердешан дожаран категори

Нохчийн меттан цIердашан а, цIеран маьIнехь лелачу кхечу дешнийн а 8 дожар ду. Цул сов, меттигниг дожаран 6 кеп йу.

ЦIерниг дожаро мила? хIун? бохучу хаттаршна жоп ло. Масала: **мила?** – *стаг, зуда, къано, бер, кIант, йоI, къонах*;

хIун? – *тIулг, малх, цIа, бахам*;

Нохчийн маттахь цIерниг дожаран флекси йан а йац. Кхечу кепара аьлча, цIерниг дожаран кеп йеккъачу лардах лаьтташ йу, цу цIерниг дожаран лардах кхоллалуш ду лач дожарш.

Доланиг дожаро хьенан? стенан? бохучу хаттаршна жоп ло. Масала:

хьенан? – *кIентан, стеган, зудчун, къонахчун*;

стенан? – *тІулган, бахаман, диттан*.

Нохчийн меттан дожарех уггаре а ширачу дожарех цхьаъ ду доланиг дожар. Схьахетарехь, доланиг дожар кхолладелла хила тарло лург а, дийриг а, меттигниг а дожарш кхолладеллачул тІаьхьа.

Доланиг дожаран форма лела йиш йу:

1) хІуманан къастаман маьІнехь. Масала: *цхьаллин терахь*;

2) цхьа хІума цхьаннан долахь хилар гойтуш, масала: *ден гІовтал;*

Доланиг дожар кхолладалале цуьнан маьІна синтаксически билгалдолуш хилла, кхечу кепара аьлча, дешнийн рагІ хийцарца. Нохчийн маттахь орамера мукъа аз кІаддаларца йа горгдаларца лач дожарийн ларда кхоллайалар доланиг дожаран аффиксашца доьзна ду. И аффиксаш йу **и^{н}, е^{н}, у^{н}, о^{н}**. Литературни маттахь аффиксан хІоттамехь долу аьзнаш **и, е, у, о а**-не дирзина, масала:

1) доланиг дожаран аффикс –**и^{н} (-е^{н})**

цІерниг дожар	**доланиг дожар**
кад	кед-а^{н}←кад-и^{н}
пхьарс	пхьаьрс- а^{н}←пхьарс- и^{н}

2) доланиг дожаран аффикс- у^{н}(-о^{н})

цІерниг дожар	доланиг дожар
кІалд	кІолд-а^{н}←кІалд-у^{н}
коч	куч-а^{н}←коч-у^{н}

3) ткъа доланиг дожаран аффикс - **а^{н}** йолу цІердешнийн лардашкахь мукъачу аьзнашна хийцамаш ца хуьлу.

цІерниг дожар	доланиг дожар
ирс	ирс- а^{н}
стигал	стигал- а^{н}

Лург дожаро хьанна? стенна? бохучу хаттаршна жоп ло, масала:

хьанна? – *кІантана, стагана, йоІана, зудчунна, къонахчунна*;

стенна? – *тІулгана, бахамана, ирсана*.

Лург дожаран аффикс **–а-на (-на**) йу.

Нагахь санна цІерниг дожаран лардан чаккхенгахь мукъаза аз делахь, лург дожаран аффикс –**ана** лела, масала: кад–кед-а-на, стаг – стаг-а-на

ткъа цІерниг дожаран лардан чаккхенгахь мукъа аз хилахь, лург дожаран аффикс **–на** лела, масала: нана – нан-на, газа – газа-н-на.

Дийриг дожаро хьан? стен? бохучу хаттаршна жоп ло.

Хьан? – *кIанта, йоIа, стага, зудчо, къонахчо*;

Стен? – *тIулго, ирсо, бахамо*.

Дийриг дожаран аффиксаш йу: **-а, (-а)-с, , уо̄**

*Мохьмад-**а**, Идрис-**а**, Асмаъ-**а**, нан-**а-с**, да-**с**, кIант-**а,** говр-**уо̄,** цициг-**уо̄**,адам-**уо̄** , дахар-**уо̄***

Дийриг дожаран формехь нохчийн маттахь кхечуьнга йолучу конструкцехь подлежащи хуьлу. Масала:

КIанта дечиг доккху.

Коьчалниг дожаро хьаьнца? стенца? бохучу хаттаршна жоп ло.

Хьаьнца? - *кIантаца, йоIаца, стагаца, зудчуьнца, къонахчуьнца*.

Стенца? – *тIулгаца, ирсаца, бахамца*.

Коьчалниг дожаран аффикс **–ца** йу. Масала:

бутт – бетт-а^{н} – батт-а-ца, дуог – дег-а^{н} – даг-а-ца, нана – нен-а^{н} – нен-а-ца

Коьчалниг дожар, дукхахьолахь, доланиг дожаран лардах кхоллалуш ду. Дийриг дожаран лардах а кхолладала а тарло коьчалниг дожар. Цу дожаро гайта тарло:

1) дар цхьаьнца (цхьаьна) кхочушдеш хилар.

Сан йоI цуьнан йоьIаца доьшуш йу.

2) дар кхочушдаран гIирс.

Колхознико трактopца латта оху.

Дагарца даькхира кIанта дечиг.

Хотталург дожаро хьанах? стенах? бохучу хаттаршна жоп ло.

Хьанах? – кIантах, йоIах, стагах, зудчух, къонахчух;

Стенах? – тIулгах, ирсах, бахамах.

Хотталург дожарехь хуьлу нохчийн маттахь шех лаьцна дуьйцуш йолчу муьлххачу а хIуманан цIе. Цу дожаран форма цхьа хIума стенах йина йу гойтуш а лела. (Дечигах бина кад). Хотталург дожаран аффикс (-а)-х(-а) йу.

Меттигниг дожаро хьаьнга? стенга? бохучу хаттаршна жоп ло.

Хьаьнга? – *кIанте, йоIе, стаге, зудчуьнга, къонахчуьнга*;

Стенга? – *ирсе, тIулге, бахаме, ламига, чамига*.

Меттигниг дожарехь хуьлу дар шена тIедирзинчу хIуманан цIе йу. Меттигниг дожаран аффиксаш **–га, иēе** йу. Масала: *Зини**га**, Ахьмад**иēе**, кед**иēе**, сахьт**иēе**.*

Нагахь санна цIерниг дожаран лардан чаккхенгахь мукъаза аз делахь, меттигниг дожарехь аффикс **-иēе** лела. Меттигниг дожаран аффикс **-га** , дукхахьолахь, цIерниг дожаран лардан чаккхенгахь мукъа аз хилахь, лела. Масала: *гали – гали**га**, тур – туь**рие**, дада – дади*-**га**

Дустург дожаро хьанал? стенал? бохучу хаттаршна жоп ло. Масала:

хьанал? – *кIантал, йоIал, стагал, зудчул, къонахчул*;

стенал? – *тIулгал, ирсал, бахамал*.

Дустург дожаран аффикс **(-а) –л йу**. ЦIерниг дожарехь йолу хIуманан мухаллица йа меллалица йустуш йолу хIума хуьлу нохчийн маттахь дустург дожаран формехь. Масала:

Терк Органал чехка ду.

Ручка къоламал йеха йу.

Меттигниг дожаран схьайевлла форманаш йалх йу.

1. Меттигниг дожаран схьайаьлла хьалхара форма кхоллало меттигниг дожаран коьртачу форми тIе аффикс **–хь** кхетарца (масала*: адам-иē-**хь***)

2. Локативан форми тIе чаккхе **–ā** кхетарца меттигниг дожаран схьайаьлла шолгIа форма кхоллало (масала: *адам-иē-хь -**ā***). **ШолгIа дIахьажориг**(направительный **II**) олу цу формех.

3. Меттигниг дожаран схьайаьллачу шолгIачу форми тIе аффикс **–ра** кхетарца меттигниг дожаран схьайаьлла кхоалгIа форма кхоллало (масала: *кIант-иē-хь-**ā-ра***). **ШолгIа йухахьажориг** (исходный **II**) олу цунах.

4. Меттигниг дожаран схьайаьлла йоьалгIа форма кхоллало меттигниг дожаран коьртачу форми тIе аффикс **–ра** кхетарца (масала: *кIант-иē-**ра***). **Хьалхара йухахьажориг** (исходный **I**) олу цунах.

5. Меттигниг дожаран схьайаьлла пхоьалгIа форма (транзитив **I**) меттигниг дожаран коьртачу форми тIе дештIаьхье **-хула** кхетарца кхоллалуш йу: (масала: *кIант-иē-**хула***). Нохчийн маттахь **I чекхъхьажориг** олу цунах.

6. Меттигниг дожаран схьайаьлла йолхалгIа форма (транзитив **II**) схьайаьллачу шолгIачу форми тIе дештIаьхье **– хула** кхетарца кхоллалуш йу (масала*: кIант-иē-хь-ā-**хула***).